Fòm Paran Notifye Chwa Edikasyon sou Sante Repwodiksyon ak Prevansyon Maladi

Lwa Leta Florida Statute §1003.42 ekzije pou yo anseye klas sante repwodiksyon ak prevansyon maladi nan kad pwogram ansèyman konpreyansif sou sante. SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA (SBBC), otorize itilize leson siplemantè Sante Repwodiksyon ak Prevansyon Maladi/*Reproductive Health and Disease Prevention*, ikonpri enstriksyon prevansyon VIH/SIDA (HIV/AIDS) kòm yon konpozan klas edikasyon lasante.

SBBC respeke dwa paran ak wòl yo nan edikasyon pitit yo. Selon lwa *Florida Statute* §1003.42(5), "nenpòt elèv fanmi li ekri direktè/direktris lekòl la pou mande yo egzante pitit li nan klas kote pwofesè anseye sante repwodiksyon oswa bay enfòmasyon sou nenpòt maladi, nan klas kote pwofesè diskite VIH/SIDA, sentòm maladi a, devlopman ak tretman li, elèv la ap jwenn egzansyon pou klas la, san elèv la pa bezwen pè yo pini-li."

Si ou pa vle pitit ou patisipe epi ou vle nou eskize li nan klas sa, ranpli fòm ki anba a epi retounen fòm la nan lekòl pitit ou. Nou kapab fè aranjman pou pitit ou gen yon lòt aktivite oswa devwa altènatif lè pwofesè ap esplike leson Sante Repwodiksyon ak Prevansyon Maladi.

Nou apresye enterè ou ak kowoperasyon ou nan egzekisyon pwogram edikasyon konpreyansif sou sante.

Direktè/Direktris lekòl la te chwazi pwofesè ki resevwa fòmasyon Distri a rekonmande pou vin fè prezantasyon leson Sante Repwodiksyon ak Prevansyon Maladi. Espè Distri a apwouve kapab fè prezantasyon nan domenn prevansyon enfeksyon ak maladi seksyèlman transmisib, kòm yon resous siplemantè.

Ou kapab gade epi revwa kontni pwogram enstriksyon (kourikoulòm) ak materyèl edikatif lè ou vizite paj akèy sit Entènèt Distri a, www.browardschools.com oswa pran yon randevou ak lekòl pitit ou.

Note: Tanpri mete inisyal ou sou liy anba a epi siyen anba fòm la, si ou pa vle pitit ou patisipe nan prezantasyon kourikoulòm pou ane eskolè 2025-26. Tanpri note fòm egzansyon dwe ranpli chak ane, konplete epi soumèt/depoze fòm la nan lekòl la nan 5 JOU apati dat kominike pou leson yo konmanse. Si ou pa soumèt fòm la nan lekòl la sa va ban-nou pèmisyon kite pitit ou patisipe nan kourikoulòm klas Sante Repwodiksyon ak Prevansyon Maladi/*Reproductive Health and Disease Prevention*.

_____ MWEN **PA** vle pitit mwen patisipe nan okenn leson siplemantè sou edikasyon sante repwodiksyon ak prevansyon maladi.

Non Elèv la:_____ Klas (Grade) elèv ap fè: _____

Non Paran/Gadyen (ekri an lèt detache): _____

Siyati Paran/Gadyen: _____